

Estat Pwoteksyon Tanporè

Nan dat 25 Jen, Lakou Siprèm nan te bay yon jijman nan [Mullin kont. Doe](#) ki gen konsekans devastatè pou anpil moun ki gen Estat Pwoteksyon Tanporè (TPS). TPS te istorikman otorize moun ki soti nan sèten peyi rete epi travay Ozetazini si li pa an sekirite pou li retounen lakay li akòz sitiyasyon tankou lagè, katastwòf, oubyen lòt ijans.

Jijman sila a te bay administrasyon Trump lan otorite mete fen ak TPS pou Ayisyen ak Siryen, yon desizyon gouvènman an deja pran. Jijman an louvri chemen an tou pou administrasyon Trump la mete fen ak TPS pou moun ki soti nan lòt peyi, si li chwazi fè sa.

[Klike la a](#) pou wè dènye nouvèl yo sou sitiyasyon TPS pou Afganistan, Burma (Myanma), Kamewoun, El Salvador, Etyopi, Ondiras, Hong Kong, Liban, Liberya, Nepal, Nikaragwa, Somali, Sid Soudan, Soudan, Ikrèn, Venezyela, ak Yemèn.

Èske mwen toujou otorize pou m travay Ozetazini si TPS mwen an fini?

Si ou gen yon pèmi travay ki baze sou TPS ou a, **li rete valab jiskaske TPS ou a fini**. Anjeneral, yon fwa TPS ou a fini, otorizasyon travay ou a fini, sof si ou gen yon lòt estat ki ba ou otorizasyon pou w travay.

Kisa k ap pase lè TPS mwen an fini?

TPS bay pwoteksyon kont detansyon ak depòtasyon, ansanm ak otorizasyon legal pou travay. Ou ka gen alafwa TPS ak yon lòt estat kèlkonk.

Si ou genyen TPS sèlman, epi ou pa gen okenn lòt estat oswa yon aplikasyon ki annatant ki otorize w rete Ozetazini, epi TPS ou a fini, y ap konsidere w kòm yon moun ki prezan ilegalman epi ke yo gen otorite depòte.

Sa pa vle di li pwobab pou yo arete w lakay ou oswa an piblik epi depòte w, men gen anpil risk pou yo arete w pandan nenpòt entèraksyon ak otorite imigrasyon epi depòte w. Se pa tout aplikasyon annatant ki pwoteje w kont aretasyon oswa depòtasyon.

Èske gen yon bagay mwen ka fè pou m rete legalman Ozetazini?

Si ou kwè ou kalifye pou yon lòt estat oswa pwoteksyon kont depòtasyon ki disponib anba lalwa imigrasyon peyi Etazini, **ou gen dwa aplike anvan oswa apre ou fin pèdi TPS la.**

Si ou te aplike pou azil oswa nenpòt lòt estat oswa pwoteksyon, **asire w ou swiv epi reponn ak avi epi nenpòt lòt devlopman nan dosye w la.**

Aplikasyon an pa garanti ke ou pap nan detansyon oswa depòtasyon.

Si mwen chwazi rete Ozetazini apre TPS mwen an fini, èske sa ka afekte chans mwen a lavni pou jwenn estat imigrasyon legal Ozetazini?

Lè ou rete Ozetazini pou yon peryòd tan (plis pase sis oswa douz mwa) san otorizasyon, sa ka anpeche ou rantre Ozetazini si ou kite peyi a.

Gen kèk moun ki gen TPS ki deja akimile "prezans ilegal" ki ka anpeche yo rantre ankò, sepandan, prezans ilegal pa anpeche ou benefisye sèten fòm soulajman epi gen sèten eksepsyon ki ka aplike. Eske ou ta dwe enkyetew de entèdiksyon ki lye ak prezans ilegal la? Sa depann de sitiyasyon espesifik ou. Li enpòtan pou ou konsilte yon avoka imigrasyon ou fè konfyans.

Si TPS mwen an fini, epi mwen rete Ozetazini, èske mwen toujou gen dwa?

Tout moun Ozetazini gen dwa konstitisyonèl fondamantal, **kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo**. Sa enkli dwa pou yo rete an silans, dwa pou yo pa bay konsantman pou yo fouye kay yo, epi dwa pou yo chèche asistans nan men yon avoka. [Aprann plis isit la.](#)

Kisa Kongrè a ka fè?

Kongrè a gen pouvwa pou l vote lwa ki pwoteje moun ki genyen TPS kont depòtasyon. O kontrè, manm Chanm Reprezantan yo ap eseye kounye a vote **Lwa sou Rèv ak Pwomès la**, ki ta bay anpil moun ki genyen oswa ki te genyen TPS yon mwayen pou yo vin sitwayen. Gen lòt pwojè lwa ki adrese kriz moun ki gen TPS yo ap fè fas, tankou **Lwa SECURE la**, ak pwojè lwa espesifik pou chak peyi, tankou yon pwojè lwa ki pwolonje TPS pou Ayisyen yo, ki te pase nan Chanm Bas lan men ke yo poko konsidere nan Sena a.

[Kontakte manm Kongrè ou yo pou ankouraje yo sipòte Lwa Rèv ak Pwomès la ansanm ak lòt pwoteksyon pou moun ki gen TPS yo.](#)

Kisa m ka fè kounye a pou m prepare pou posiblite pou m pèdi TPS mwen an epi pou ICE arete m?

Chèche yon avoka imigrasyon ki kalifye pou diskite sou opsyon ou yo.

- ☐ Pou w jwenn yon lis òganizasyon san bi likratif ki bay sèvis legal imigrasyon gratis oswa a pri abòdab, gade [isit la a](#).
- ☐ Pou w jwenn yon lis avoka imigrasyon ki pi konplè, gade [isit la](#).
- **Rasanble dokiman esansyèl ou yo epi devlope yon plan ijans** pou genyen anplas sizoka yo ta arete w oswa depòte w.
- **Konsidere kontakte manm Kongrè ou** epi fè l ranpli yon [Fòm Otorizasyon Konfidansyalite DHS](#) davans, pou Reprezantan w oswa Senatè w ka mande enfòmasyon sou dosye w la si yo arete w.

Konsidere ranpli yon Fòm Otorizasyon Konfidansyalite DHS davans epi rantre an kontak ak manm Kongrè ou, konsa Reprezantan w oswa Senatè w ka mande enfòmasyon sou dosye w la si yo ta arete w.

- *Ki kalite dokiman mwen ta dwe rasanble?*

Rasanble dokiman esansyèl yo epi **fè yon zanmi ou fè konfyans oswa yon manm fanmi ou konnen ki kote pou jwenn** yo si yo arete w:

- Dokiman ofisyèl idantite ak imigrasyon, tankou batistè, kat idantite, kat Sekirite Sosyal, paspò, ak nenpòt dokiman ki montre konbyen tan ou te pase Ozetazini.
- Dosye medikal ak dosye finansye, tankou dokiman ipotèk, enfòmasyon sou kont labank, kontra asirans.

Kisa ki enkli nan yon plan dijans?

Si ou gen timoun ki t ap rete Ozetazini san ou si yo ta depòte w, **deside ki moun ki pral pran swen yo epi ranpli tout papye legal ki nesesè yo** avèk otorizasyon w. Dokiman sa yo ka depann de eta kote timoun yo pral rete a.

Konsidere sa pou w fè ak kont finansye yo, enterè biznis, bòdwo ak byen sizoka yo ta depòte w, **epi kite tout enstriksyon ki nesesè pou lòt moun yo**.

Pou gid planifikasyon ijans an Anglè, Panyòl, Fransè ak Kreyòl Ayisyen, gade: [PLAN DIJANS — Nou Gen Dwa](#)

Kòman mwen ka rete okouran de devlopman yo?

Chak nan òganizasyon sa yo te patisipe nan defann TPS la oswa nan konteste revokasyon yo epi yo sèvi kòm sous enfòmasyon kontinyèl pou moun ki gen TPS yo ak alye yo:

[National TPS Alliance](#)

[The Haitian Bridge Alliance](#)

[International Refugee Assistance Project](#)

[Miñana Center for Immigration Law and Policy](#)

[The ACLU of Northern California](#)

[Communities United for Status and Protection \(CUSP\)](#)

[Muslim Advocates](#)

[Just Futures Law](#)